Милицым и лейтенант нэхъыжь, Шэджэм районымкІэ ОВД-м и ДПС-м и лэжьакІуэ **Унэж Аэрэт Хъусен и къуэр** 1983 гъэм бадзэуэгъуэм и 10-м къалъхуащ. Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ ІэнатІэм 2002 гъэм фокІадэм и 1-м лэжьэн щыщІидзащ, иджырей къулыкъым 2010 гъэм щэкІуэгъуэм и 22-м пэрыуващ.

Щхьэгъусэ, сабий цІыкІуитІ иІэщ.

Милицым и лейтенант нэхъыжь, Шэджэм районымкІэ ОВД-м и ДПС-м и лэжьакІуэ **Нэзрэн Алим Борис и къуэр** 1976 гъэм щІышылэм и 1-м къалъхуащ. Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ ІэнатІэм 2008 гъэм фокІадэм и 19-м лэжьэн щыщІидзащ, иджырей къулыкъым 2010 гъэм щэкІуэгъуэм и 22-м пэрыуващ.

Щхьэгъусэ, балигъ мыхъуа сабиищ иІэщ.



Милицым и лейтенант, Шэджэм районымкІэ ОВД-м и ДПС-м и лэжьакІуэ **Тамбий Заур Руслан и къуэр** 1974 гъэм гъатхэпэм и 1-м къалъхуащ. Къ

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Аргуэру Іуэхур зэІыхьэну?

● Экономикэ

Давос щекІуэкІа дунейпсо экономикэ зэІущІэщхуэм хэтхэр мэгузавэ: ЩІы хъурейм аргуэру Іэхуэхэр щыІэныхьэнущ. Иджы ахэр зыгъэутхъуэнгъ дуней псом я сондэжьрэхэм я ахъшэр - доллар трилдион 1,5-рэ - зрахьэлІа Китайрщ, Америкэм лъэкІын щыІэкъым, форумым хэта адрей псом хуэдизу , заумысыжь ІэщІагъэдІэм, Яхуэзэфі экі щыІэжьхьм Дунейпсо валютэ фондми, Дунейпсо банкми. Урысейр нэгъуэщІ бзаныхь хэхуащ: инфляцэр хуэубыщыжырыкьым - щыІыщІэм и закъуэ хьэпшыпхэмрэ ерыскъыкэкІэмрэ я уасэр ди дежи щыІэуелщ процентри 2-м щІигъуІэ.

ПОЛИТИКЭМРЭ хьэрычэтыщІэхэмрэ Швейцарием щызэхэусынымэ зы тхьэмахуэ хуэдизи нІэжьи псори зыгъэпейтея Іуэхур езыхьэжьар Китайрщ. КНР-м и банкхэм сондэжьрэныбжь хальхьаныщэр кьахуэмыІэжьыжьхэ хъуащ. Дигу кьэдгъэкІыжынщи, яп кризисым щыщІидзэ 2008 гъэми абы ещхь нэщэнэ гуэрхэр Китайм щыІащ. Ауэ абы щыгъуэм Китайр абыхэм ягъэпльэщащ. Иджы япэмыльэщмэ, кьэхъунур уи нэгу кьыщІэбгъэхьэну щынагъуащ.

Китайм и Щыхубэ банкым и лыкІуэ Даокуй Ли Давос щыжиІащ: «Дэ экономикэр е тІыс эхыпэнэкІ кьэдгъэхъунукъым, Іуэхур едгъэфІэкІуэжьфынущ». Абы и Іуэхущапіэм иджы ельытащ псори: Щыхубэ банкым нэгъэущІ кьэралхэм щыхуэу нэгъабэ яритащ Дунейпсо банкым итам нэхъбгэ нэхъыбэ. 2010 гъэм и закъуэ КНР-м дуней псом кьыщІэзригъэпэщащ лэжьапІэ Іэнатіэ мелуан 14. Китайм щыщ лэжьакІуэ мелардым елыытащ абы и щыхуу щымыт нэгъэущІ мелардым я Іуэхуэхэр зыхуэжьІуэнгъ: япэрейхэр Іуагъэкіма, иужьрейхэри Іэнатіэншэу кьэнэжнущ.

Китаймрэ зыри пэувыфынукъым. США-м щыщ профессор Рубини Нуриэль пасэу кьищІауэ щытащ 2008 гъэм дунейр финанс-экономикэ зэрызэщІыжьыдыдэнуР. Абы иджы жеІэ кьэралнэхъ лъэрызехьэхэу 2-м я зэкъуэувэныгъэр щымыІэжу:

- А кьэралхэр зэгурыІуэжьыркъым. Зыгъепсэлъыхьа Іуэхуэхэм ящыщу зыри зэфІакъэкІыфакъым. Дэ уиафэ гуэри кьыщамыщтэф дунейм дыщопсэу.

Игнатьев Сергей щыхуэзэм ахъшэ нэхъыбэ яІэрыгъэхьэн хуейуэ кьыхилхьащ. Абы и яп кьуэдзэ Улюкаев Алексей зиумысыжащ: «Инфляцэм гъэ кІуэм и кІэухым - мы гъэм и пэщІэдзэм зричащ. Ар кьыхэтеувыІэну кьыщІэкІынукъым мы гъэм и зэхуэдитІ хьуху».

Банкирхэр арэзыкьым - ахэр хуейкъым ахъшэм и пщІэр Банк нэхьыщхьэм кьиІэ. Іэтуэ, езыхэм яІэрыхьэ зэхъуэр абыкІэ игъэмэщІэну. Хэбгъэзыхьмэ, Ахъшэ хьуманІэ банкым и Іэт ащхъэ Греф Германи зимышІыбгъэ Давос щыжиІащ: «Сэ си гугъэщ мы Іуэхум епІэщІэкІынм хуэмейуэ. Инфляцэм зричащ, арщхьэкІэ абы дигьэпІейтеин хуейкъым, иджыри зэман щыІэщ».

Щыдагъэр ди щІэгъэкъуэн?

АтІэ зэман щыІэу пІэрэ? Ди бизнесым Дунейпсо экономикэ форумым щыхуэзэІэІэкІаэм гугьапІэфІэр кьыдат. Инвесторхэм дзыхь кьыхуащІ ди кьэралым. Псом хуэмыдэу абы и гъэсыныпхъэ Іэнатіэм. «Роснефть» компаниемрэ Давос зэгурыІуэныгъэ инуу зэуэ тІу щаригъащІащ. Лъэныкъуэхэм щІэуфэркъым: нэгъуэщІ кьэралхэм щыщхэр ди щыдагъэм хуейщ, дэ ди пльапІэр абыхэм я щынальэрщ. ЕХХОН компаниемрэ проектым долларищ хуэдизкІ ихьилхьэну и мурадщ. Араши, гъэсныпхъэхэр нэхъыбэу ди Іэнатіэ.

Ауэ мыр тельыджэщ: мыпхуэдизкъм дежи щыдагъэхэмкІэм я уасэхэр ехуэхъ хабзэщ, арщхьэкІэ Арктикэм а гъэсныпхъэ лІэужьыгъуэр щыщыщІэзымыхуэхэм жаІэ ар льапІэу щытыну. Араши, бизнесым фейдэ иІэнущ, арщхьэкІэ, ди экономикэм и Іуэхур зыхуэхуэІуэнгъ зэкІэ жыпІэфынукъым.

АРСЮХИН Евгений.
«Известия».

● Псэукіэ

КъэІэпхъуэжахэм папщІэ

Амур областым щыщІадзащ мы щыналъэм кьэпхъуэхэм иджырей унэ хьэпырхэр, жэмхэр, Іусыпхъэхэр иратУ.

ОБЛАСТЫМ и унафэщІхэр яужь ихьащ ди хэкуэгъэхэр кьэшэжьынм хуэхэа программэр ягъэзэщІэным. Нэ хьапэм мы Іуэхум кьыкІ щыІэтэкъым, иджы я мурадщ мэкъуэмэщ Іэнатіэм зрагъэужьыкьм папщІэ, зэрыхьукІэ, нэхъыбэ ирагъэблэгъэну.

Шимановскэ куейм щыщ Ушак овэ кьуажэм псом япэу щрагъэжьащ а лэжьыгъэр. 2010 гъэм и дыгъэгъазэм мыбы кьыдэтІысхьащ унагъуищ, мы зэманым абыхэм я бжьыгъэ хьэм нэсащ: пльыр Кьэзахстаным, Украинэм Іэнатіэм Армениемрэ зыриз кьыкІащ.

КъэІэпхъуэхэм папщІэ ящхуащ Іэщщэр щаІыгъыну псоуалъэу пщы, абыхэм иратащ жэм гъэшыфІэхэу щэ хьэ хъушэ, мэкъумыл эр хуагъэхъэзыращ. Абы кьыдэкІуэу унагъуэ хэм хуаухуащ псы пщтыр зыщІэт унэщІэхэр, яп щІыкІэ зыхэпсэукІын ахъшэ иратащ. Щыхуэхэр кьызэрагъэпэщащ унэтъыпщІэкІэ, пхъэ гъэсынкІэ, ерыскъыкэхІэкмкІэ. Мигращ Іэнатіэм унагъуэхэм ящыщ дэтхэнэ щІыхуми сом мин 40 хуэзэу ахъшэ иратащ. Областри пЭныкъуэкІэ щытакъым - абыи дэтхэнэ унагъуэми сом мин 20 иратащ япэкуІэ ирипсэуфыну.

● Къэкіыгъэхэр

Псыр псэхэлъхьэжщ

А псалъэжьыр ящыгъупщэжа хуэдэ, арщхьэкІэ блэкІа ильэсым яГу кьигъэкІыжащ. Мы гъэми гъэмахуэр хуабащэу кьыщІэкІынкІыжащ. Мы гъэми гъэмахуэр хуабащэу кьыщІэкІынкІыжащ, мэкъумэщышІэхэр псом ящыгъуэ егупсысыни хуейщ кьагъэкІа гъавэр зэрахъумэнум. Ар апхуэдизу гугъунутэкъым хьэсэхэр псыкІэ ягъэнщІу щытамэ, жаІащ Жылагъуэ палатэм щызэхуэса Іэщіагъэлэхэм.

ДИ гъавэщІапІэ щІыналъэхэм я нэхъыбэр уэгъур щыетэнкІэ хъуну щыпІэхэм щыІэщ. Абы щыгъуэми хьэсэхэм я процент 90-м псы егъэгъэутын хуейщ. Арынщамэ, кьытепхынымра мащІэщ, езы мэкъумэщхэкІэри пхъуэмэну гугъущ. Абы щэч кьыщІЭтепхъэн щыІэкъым - нэгъабэрей уэгъум кьэралым щащІа хьэсэхэм я Іыхьэ щэнэн зыри кьэрыри гъэхакъым. Псалъэм и хьэтырКІэ, тхъуийуэ (гречкэу) кьрахьэлІар зыщщыгугъам и процент 40-рщ, кІэрТІофу - Іыхьэ щэнэрщ. Абы щыгъуэми, апхуэдэ кьэхъуькащІэм зыхуэгъэхьэзырыну Іэмал яІащ.

- Дунейпсо метеорологие зэгуэхэнэгъэм дэ пасэу хьыбар кьыдигъэщІат блэкІа илъэсыр уэгъуэу зэрыщытымкІэ. А лъэхъэнэм иджыри илъэсипщІ и кІыхьагъэнкІэ хъунущ, - щыжиІащ зэгуэщІэм Урысейм и Агропромышленнэ зэгъэныгъэм щыщ Школькинэ Надеждэ.

Уэгъум кьарит хэщІыныгъэхэр ягъэмэщІэн папщІэ, Іэщіагъэлэхэм кьыхалъхьэ Урысейм псышІэгъэпаДэр щызэфІагъэувэжьыну. Мы Іуэхур щІэуэ кьыщІэдзэкьнэ хуейщ - кьэкІыгъэхэр псыкІэ зэрагъэнщІу щыта Іэмэпсымэкэу совет эманым яухуар хьыбий хъущ е хьащ е абыхэм я нэхъыбэр гъущІыкІэу ятыжащ.

- Апхуэдэ Іэмэпсымэхэм я процент 70-р щыІэжкъым, - и жагъуэ хьууэ кьыхигъэщащ Іэщіагъэлэ Сухой Николай.

Абы кьыдэкІуэу кьэралым мелиоратору иСыжьр мащІэ дыдэщ. Хэбгъэзыхьмэ, аг-рарнэ академиехэми кьэхъащтэ экономистхэмрэ юристхэмрэ ягъэхъэзырыну.

Уэгъум и закъуэкъым Іуэхур зэлъытатари. Дэ тхуэмыгъэзэщІэнкІэ хъунущ ерыскъыкІэ ди шынагъуэнащэр кьызэдгъэпэщыщымкІэ кьалэну кьытпэщыстащ.

- Язныкьуэ ерыскъыкэхІэкмкІэ Урысейм езым зы-кьухуэзгъэпэщыжыркъым, уеблэмэ, процент 5-кІи. Зи гугъу тщІыри ананасхэмрэ бананхэмрэ кьым. Дэ, псалъэм и хьэтырКІэ, помидор куэдыІуэ нэгъуэщІ кьэралхэм кьыдош. Томат пІастэ псори нэгъуэщІ щыналъэхэм кьыщыдощхэу, - жиІащ Мэкъумэщ хозяйствэмкІэ министерствэм и деж щыІэ жылагъуэ советым хэт Даниленко Андрей.

АтІэ сыт я мурадыр? КьэкІыгъэхэр псыкІэ гъэнщІыным теухуа программэм трагъэкІуадэм и процент 25 - 30-р бюджетым кьыхэкІын хуейуэ кьагъэлъэгъэщащ. Арщхьэкіэ Іэщіагъэлэхэм кьалъытэ ар мащІэІуэу икІи США-р щапхъэу кьахь - абы апхуэдэ лэжьыгъэхэм я процент 90-р кьыхэкІ и Іэнатіэм и хьэкІэ щызэфІагъэкІ.

А РОНОВ Алексей.
«Известия».

Ушаковэ кьуажэм Іэпхъуэхэм ящыщ унагъуитІым мы зэманым Іэщіэвыщ Іэу 35-рэ яІыгъщ. Я мурадщ а бжьыгъэр мыгувэу 60-м нагъэсыну. Зэрыщыту кьапщтэмэ, зи гугъу тщІы проектым федеральнэ, область бюджетхэм кьыхахри сом мелуан 50 хуэунтыщащ. Іэпхъуэхэм я псэуалъэхэм ятеІэтІыхьмэ, бюджетым кьыхэкІа щІыхуэр абыхэм ильэси 6-кІэ япшынэжынущ.

- Дэ кьытхуэзрагъэпэща Іэмалхэр фІы дыдэщ, - кьыджиІащ кьэІэпхъуэхэм ящыщ Юм Еленэ, - уеблэмэ апхуэдэ ауэ жыжьэуэ дыщыгугъакъым. Тльагъур ди фІэщ хъужырт экІы. Іэпхъуэхэм я псэуалъэхэм ятеІэтІыхьмэ, бюджетым кьыхэкІа щІыхуэр абыхэм ильэси 6-кІэ япшынэжынущ.

- Дэ кьытхуэзрагъэпэща Іэмалхэр фІы дыдэщ, - кьыджиІащ кьэІэпхъуэхэм ящыщ Юм Еленэ, - уеблэмэ апхуэдэ ауэ жыжьэуэ дыщыгугъакъым. Тльагъур ди фІэщ хъужырт экІы. Іэпхъуэхэм я псэуалъэхэм ятеІэтІыхьмэ, бюджетым кьыхэкІа щІыхуэр абыхэм ильэси 6-кІэ япшынэжынущ.

Еленэ и бынхэр школым макІуэ. Кьрата ахъшэмкІэ щІыбзыбым щыбгынрэ унэтъыпщІэ-рэ кьищэхуащ.

Области и губернатор Кожемякэ Олег зэрыжиІамкІэ, щІыналъэм мы зэманым программэр хуабжьу егупсуу щагъэзащІэ. Абы и фІыгъэкІэ арагъэу областым Іэпхъуэну хуит ящІыну щІэтъыІуащ цІыхуи 135-рэ. Арщ областым мы Іуэхумкі щащхъэфІэкІам нэгъуэщІ щІынапъэхэри дэпІъенн хуейуэ я кьыльэтэ.

НаІуэу зэрыщытщи, ди кьэралыр абрагъуэм иджыри цІыху куэд щопсэу ящ, лэжьапІэ ямыІэу. Апхуэдизэм я дежкІэ зи гугъу тщІы программэр зэкІыпІэфІщ. Нэхъыщхьэр аращи, абы я фейдэ хэлъщ ирагъэблагъэмри ахэр зыхуэкІуэжьи.

ГъащІэм кьыхэригъэльэгъуащи, Іэпхъуэхэм щыпІэщІэм пІалъэ кІэщІым кьрифыдэу я пъэр щагъэбыдэ. Абы кьыпхуэмыльэтэн хуэдиз мыхьэнэ иІэщ.

АЛЕКСАНДРОВЭ Татьянэ.
«Российская газета».

● Европэ

Хэт дэтхэнэм дэплъейрэ?

Европарламентым и вице-президент Кох-Мерин Сильванэ (Германие) иджыри къэс ди деж щыІэкІуэ хэзыхьэ «Іуэхыбгъуэхэр - Іуданэм хуэдэу псыгъуэ гъуэщІ кІапсэ щыкІуэхэр къагъэпІъуэрэ ягъаблэхэр кьыщІагъэзкІыну щІадзэжьыну хуейуэ къэзыгъэув жэрдэмщІакІуэ гупым щагъэпэщыжьыну. Апхуэдэ уэздыгъэжэр дяпэкІэ Урысеймэ щагъэпэщыжьыну сыт и пэныкъуэкІэ хущІэкъуэ Урысеир аргуэру ауэ къимынэну пІэрэ?

ЕВРОПЕЙХЭМ электрокъарум кьыдэзыгъахуэ уэздыгъэхэзу джьинасум (ртутым) ирилажьэхэр щынагъуэнщэ ящыными теухуа Іуэхур зэрыщэфІимыгъэкІыфам теухуа тхыгъэ ди газетым тетащ. Абы и щІыхькІэ а кьыдагъэхуар хэщІыныгъэу кьыщыщІидзыж куэдрэ къэхъу. Псалъэм папщІэ, лампІым итджинасур щІыхуэм зэран яхуэмыхьуу бгъэкІуэдыным куэд ехь. Нэхъапэм щыІэ уэздыгъэхэм кьапкъыкІын хуеи хъуащ европей кьулыкъущІэхэр езыхэм я фейдэ хэлъу ламПІ лъэжьыгъэущІэхэр зыгъэжьэзырхэм ягурыІуэри, - аращ кьэдым жаІэр.

КьызэрыщІэкІымкІэ, европейхэр зытетам тохъэ ж, дэ иджыри кьэс дызытетам дыкьытокІ. АрщхьэкІэ мыгувэу дэ Европэм дыльэщІыхьхьэжын хуейщ кьыщІэкІынущ нэгъуэщІ Іуэхуэкі. Мы гъэм урысей футболыр хуокІуэ зепеуэхэр зэрырагъэкІуэкІ - бжьыкъэгъатхэ- хабзэщІэм. Абы и щхьэусыгъуэхэм ящыщ зыщ ди чемпионатым хэтхэм я зэІущІэхэр европей командэ хэр щыджэну зэманым дегъэкІун зэрыхуейр. Абы Іей гуэр хэлъ хуэдэкъым. Арщхьэкіэ жедгъэЗэнти ФИФА-м и президент Блаттер Зепп мы Іуэхум зэреплъыр: «Европей футболыр тегъэхьэн хуейщ зэпеуэхэр зэрырагъэкІуэкІыу нэхъапэм Урысейм щыІа -гъатхэ-бжьыхьэ» хабзэм. Уеблэмэ ФИФА-м и пресс-Іуэхущ-Іэр щыхьэт щытёхъуащ: «Европей чемпионатэр зэрырагъэкІуэкІ щыкІэр нэхъапэм Урысеим абы теухуауэ щыІа хабзэм тегъэхьэным хуэтъэзауэ зиусэсэн Блаттер кьыхилхьха Іуэхур тэмэщ икІи ухабжьу зи чэзуі».

Сыт хуэдизрэ ди деж щызэдэуа абы теухуауэ. Европэм сыткІи зыдедгъэкІун хуейиу пІэрэ?

МОНАКОВ Вячеслав.
«Аргументы недели».

Ленин и шофёрым и щэху

● Жыжьэ - гъунэгъу

Сыт абы илъэс 20-кІэ зигъэпщкІуи хуей щІэхуэар?

Яп щыкІэ Гиль Степан пащтыхь гуащэ Александр и шоферу щыІащ, ауэ и ужькІэ Лениным «кьыхуэнэжащ». Каплан вождым кІэрахьуэкІэ щеуам, абы уІэгъэ хъуар кьыщІихри автомашинэм иригъэгъуэлъхьащ. Сымаджэщым нигъэсын и гугъат, арщхьэкІэ Лениным унафэ ящІащ Кремлым ишэжьину. Щыйащ Гиль Лениныр щыщІалъхьэми. Ау з иужькІэ бзэхащ...

КГБ-м полковникыу кьыхэкІыжа Кукин Николай щыгъуэзэщ Гиль зыщигъэпщкІу ам и щхьэусыгъуэ зэи здэщыІами. Абы фІы дыдэу ещІэж Лениным и шоферу щытам щыхуэзэ махуэр. «АиФ»-м и корреспондент и гъусэу иджы дыдэ ар щыйащ Гиль и х эщІапІэу щытам.

Щхьэл зыхэт унэ

Хьутырыр Белоруссием и Гр дэнэ Кьалэм и гъунэгъу дыдэщ. Кукин Николай яп дыдэу мыбы кьыщыхутащ 1946 гъэм.

«Сэ мыбы сыкъэкІуат. Абверым КъуэхьпІэ Белоруссием кьрина агентхэр кьэзубыдын папщІэ, - игу кьеГэкІыж а зэманым лейтенант щІалэщІэу щытам. - Арщхьэкіэ зэгуэр сэ сыхашащ хьутырым дэс кьулейхэм я мылькур кьатекхыным теухуэ Іуэхум. 1950 гъэм и гъатхэпэм сэ кьалэм кьыщІащІащ Гиль Степан и унагъуэр зГъэІэпхъуэну. СыкІуащ зауэлІищ си гъуэгу. Сольагъу унэшхэу, щхьэл. Сэ кьыщІащ хьутырыр зейр, и фызыр, жьы хъуа и адэ-анэр. Пльым фэуэ тетт зыгуэр кьыязжиІэну зэрыхуейр, арщхьэкІэ зыІэтрИльгъэр. И щхьэтъуэсэмрэ и адэ-анэмрэ машинэм идгъэтІысхьа и ужькІ (унагъуэр вокзалым тшэнут, и ужькІэ абыхэм кьапэплъэрт Сыбырыр) зыгуэр кьызэдащтэн папщІэ унэм щыкьэжьыну хуит сщІыну кьыщІэзэльІуар. Сэ зыи и гъусэу сыкІуащ. Щэнт щхьэгуэм теуІэрэи, щІыхуэхьэм щкафыщхьэм гъуэжь кьуэ тхьылымпІэ зэкІуэщІыщхьэ кьурихэхащ. Сепльри, си щхьэр кІэрэхьуащ, сльэгъуар апхуэдизу тельыджэтэ: тхьылъ щІыкІум итт ар зей Гиль Степан ЦыкІубэ Комиссар хэм я советым и УнафэщІым, нэгъуэщІу жыпІэмэ, Лениным и шоферу! Тхьылъ щІыкІум Іэ щІидзат СНК-м и Іуэхуэр зезыхьэ Бонч-Бруевич. ФІыщІэ тхьылъи, автомашинэм бГъэдэту Гиль зыгригъэха ф р эгри щІыгъут. Автомобилыр сэ кьэсщІыжкащ, нэгъуэщІ суратхэм щыслъэгъуаи. Ильэс 30 дэкІа пэтми, езы Гили зэрызихьэ жьа щыІэ экъым.

Сэ щэч кьытесхьэрэтхьэм Лениным и шоферым сызэрыбгъэдэтым. Пэжу кьызата ордерым ар зэрыратхар Гиль Степанкъ. Ауэ тыдкІыж тІыр Степат. Апхуэдизу хьуар абы кьызэгурагъуІуащ: «Сэ сыполякиж, мыбы сыкъыщІалъхуащ. Къэзгъэзэжа иужь костелым щІэлъ тхылъым зэритым зэхуэзу зезгъэтхащ. Петроградри Москваи сэ псори Степанкі Іэ кьыщІэзджэрт».

Абы и псалъэхэм пщІы гуэрэн зэрыхэмылъыр белджылат, «Зэ фымрыІащэ, - жеІащ, - Іуэхур зыІуЭмкІэ унафэщІхэм хъыбар езгъэщІэнщ». Партым и обкомым сыкІуащ. Сэ си унафэщІыр полковник Фролов Алексей. Гиль и тхылъхэр ИныгыкІу ар яп секретарым и деж щыхьащ. Зыри щІамыгъэхьэу унафэщІэхэр сыхьэт ныкъуэ хуэдизкІэ зэчэнджэщащ. Иужькіэ кьыз жаІащ Гиль и г гугъу щыхьэрэ.

Хьутырым зГъэзэ жри, унагъуэр зГъэпэфащ. Гиль унэм сригъэлэГащ, абы и гум щызэприхьар кьыхэкІыну хуейти.

Псоми ящыщынэрт

«Иужь илъэс тІощІым сопсэу дзыгъуэ цІыкІум хуэдэу псоми сыщыщІынэу, - кьригъэжьащ абы. - Лениныр ЛІа и ужь, зыми семыупщІу Москва сыкьыдэкІри, мыбы сыкъэкІуэжащ. Сигу кьэкІат сыщалъхуа щІынальэр. Си Іыхьлъхэм я фІыгъэкІэ хьутыр, щхьэл, унэ хъарзынэ сиІэщ. Пэжщ, сэ блэкІащ сыбзыщІын хуей хъурт - 1939 гъэр кьэзыдгъэ Гр дэнэ кьалэр Польшэм щыщащ, мыбы б урижазэм хабзэхэр щызекІу эрт. Польшэм и политикэ полицэм сыщыщІынэрт. 1941 гъэм зэмыцэхэм Гроднэ щыбгьдыжьам Лениным и шоферу сызэрыщІытар кьащІэным сыщыщынэрт. 1944 гъэм Дзэ ПІыжьыкІэм Гр дэнэ ящІ кьыщІащащ, ауэ сэ Советхэм сащыщынэрт. Москва зыми семыупщІу сыкьыдзэрыдэкІыжар кьыхсх уамыгъэгъуну кьыщыщыхьурт. Мы фэ кІагъэрщ 1910 гъэм и шыщхьэІум, Михельсон и заводым Каплан Лениным щеуа махуэм, сщыгъар. Абы щыгъуэм сэ Лениныр Іэпшым кьыщІэсхащ. Сыхуеиж сымаджэщым нэгъэсэну, ауэ Ленинным унафэ кьыскъуищІащ Кремлым сызэну».

Иджыри мащІэ зэІубгъкъым

Абы и ужькІэ сэ Гиль сыхуэзэжакъым. Си унафэщІхэм си тхьэкІумэхэр яІуэнтІащ, кьэхъуар умыІуэтэ жаІэри. Арщхьэкіэ сэ сыщыгугъуртэ арту эру! Гиль сыкІуэжащ абы и ныкІуэкІыжьам теухуауэ щІэгъуэрэ зэ къэсщІэну. Зэгъуэ сІыгъа ордерым итт а цІых ум автомобили иІэу. Абыкіэ Озёры щІыпІэ цІыкІум иришурэ зыгуэрэх зэ Гро дэнэ ишэрт. Зэгъуэр аР щыслъэгъуащ кьалэм, ауэ сыльэщІэмыхьэу цІыху Іувым хэжІуэдэжащ. Махуэ зыбжанэ дэкІри, абы и хьутырым сыкІуащ, арщхьэкІэ уІэр нэщІт. Ібунтъуэм кьыдэкІащ унагъуэр Іэпхъуауэ. Арати, и лъэужьыр кьыхсхуэгъуэтакъым.

Ленинымрэ и гукъэкІыжхэу томитху хьур кьэслъхьыжащ. 1934 гъэм зэкІэлъыкІу эу кьыдэкІа а тхылъым Гиль и гукъэкІыжхэр иттэкъым. Ар дауэ? Цыхуэр илъэси 6-кІэ Лениным махуэ кьэс хуэзащ, итІани абы теухуауэ зы псалъи хэткъым. Абы щыгъуэми зэ е тІыр фІэкІа вождыр зымылъэгъуахэм я гукъэкІыжхэм ячьыщджэ. Абы и щхьэусыгъуэхэм ящыщ зыщ ди чемпионатым хэтхэм я зэІущІэхэр европей командэ хэр щыджэну зэманым дегъэкІун зэрыхуейр. Абы Іей гуэр хэлъ хуэдэкъым. Арщхьэкіэ жедгъэЗэнти ФИФА-м и президент Блаттер Зепп мы Іуэхум зэреплъыр: «Европей футболыр тегъэхьэн хуейщ зэпеуэхэр зэрырагъэкІуэкІыу нэхъапэм Урысеим щыІа -гъатхэ-бжьыхьэ» хабзэм. Уеблэмэ ФИФА-м и пресс-Іуэхущ-Іэр щыхьэт щытёхъуащ: «Европей чемпионатэр зэрырагъэкІуэкІ щыкІэр нэхъапэм Урысеим абы теухуауэ щыІа хабзэм тегъэхьэным хуэтъэзауэ зиусэсэн Блаттер кьыхилхьха Іуэхур тэмэщ икІи ухабжьу зи чэзуі».

Сыт хуэдизрэ ди деж щызэдэуа абы теухуауэ. Европэм сыткІи зыдедгъэкІун хуейиу пІэрэ?

МОНАКОВ Вячеслав.
«Аргументы недели».

● Китай

Етхуанэ щІэблэр

2012 гъэм КНР-м щызэрахьуэжІынущ унафэщІ нэхъыщхьэр. КНР-мрэ КПК-мрэ я Іэтащхьэ Цзинпинэ Хуэ и кьулыкъуэр иратынущ абы и къуэдзэ Цзинпинэ Си. Ар Китайм и унафэщІым и етхуанэ щІэблэр щытынущ.

ИУЖЬ зэманым Цзинпин Си и блигъуІэтхэм, урысей, нэгъуэщІ кьэралдипломатхэм кьыгурагъаІуэну хэтщ КНР-м и унафэщІхэм я етхуанэ щІэблэм тетыгъуэр Іэрыльхэмэ, Урысеймрэ Китаймрэ я стратегие зэкъуэтынымгъэ кІэ зэригъуэтынур. ЩІхьэусыгъуэр кьызэрыгуэкІуа - иджырей щІэблэм Іуэхуэм ящІ ярагъэщІну езыхэм я кьэралым и сэбэп зыхэтхэм я закъуэщ. Дяпэкі э КНР-м и Урысейр кьызэрилытыгъуэ и гъунэгъу кьудейуэщ, а ТІур зэи зэхуэщІыжьыкІыкъым стратегие я лъэныкъуэкІэ зэпыщІауэ. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, зэгъунэгъуэр зыгурэхмкІэ зэдэлъжьынущ, ауэ абыхэм фІэкІынукъым.

Китаймрэ политикэм нэгъуэщІ зэхъуэкІыныгъэхэри ягъэтынущ. Цзинпин Си зи унафэщІ етхуанэ щІэблэм къелытэ Корее Ищхъэрэр Тайваньмкі э кьихъуэж хъуну. КНДР-р Корее Ищхэм гуагъэхьэнущ Сеулрэ Вашингтонрэ кьызэрагъэув щыкІэм тету. Тайваньр, зэрыгурыІуэгъэщи, КНР-м кьыхохьэж. Зы лъэныкъуэкІэ абы Китайм и щІыбыр зэхуещІ, нэгъуэщІ зы лъэныкъуэкІэ Кьуэкіыпінэмкіэ, Урысеймкіэ, кьэІэбэну Іэмалхэр кьыхуэзІуех. США-м и дзэхэр корее-китай гъунапкъэм кьыІуигъэувэжкІэ зэрыхъунум теухуа щынагъуэр кьыльитэрщхьэм, дунейм и щІыналъэ куэдым есым и сэбэп зыхэтэ нэгъуэщІ Іуэхуэкіэ.

ПИВОВАРОВЭ Милэ.
«Аргументы недели».

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

● Къэралхэр

Японием имыІэр Урысейм и куэдщ

Японием щІыхь мин 40 щыпсэу и Бунгонэ къалэм и мэр Хасимотэ иджыблагъэ кьыхилъхьа жэрдэмыр куэдым даІыгъ. Абы жеІэ Урысейм дыгъуэкъэр кьыщащэхуи хуейуэ. Іуэхур зытригьщІыхьыр кьлъэпІащэхэм я 6-жыгъэм хуабжьу кІэрыгъэ хуныри. А хьэкІэжхъуэкІэхэм пруж хьэсэхэр, щІэупщІэщІуэ зиІэ Іэгъэбэгур (кьуэкІыпІэ медицинэм куэду кьыщагъэсэбэн кьэкІыгъэщ) ирах.

КЪАЛЭДЭСХЭМ даІыгъыну кьыщІэкІынущ мэрым кьыхилъхьар. Дыгъужьхэр ящхуным куэд текІуэдэнукъым. ЯкІа дыгъужьым и фэр мы зэманым сом мини 10-кІэ ящІэху. Дауи, псэур нэхъ гъапІэнущ, арщхьэкІэ уасэр егъэлеяуэ щытынукъым. Езы Японием кьапщтэмэ, абы и щыналъэм итльэсэн 100 хуэдиз и пэкІэ дыгъужьхэр щыІэныкІащ. Европэм апхуэдизу хьэкІэжхъуэкІэхэм ущрихьэлІэр къэралитІщ - Испаниемрэ Германиемрэ.

Японхэм папщІэ дыгъужьхэр Къалмыкыымрэ Ставрополь краймрэ я губгъуэхэм кьыщаубыдын хуэдэу ягъэхьыбар.

ЛАЦИСЭвгений. *«Аргументы недели».*

ЗыкІи нэхъ Іейкъым

● Краснодар край

КРАЙМ и ГУВД-м и унафэщІ Кучерук и кьулыкъум трагъэкІауэ щытащ УФ-м и Президентым и унафэкІэ. Псори зи ягъэр Іэпэдэгъэлыгъэмрэ гудзакъэншагъэмрэ кьыхэкІыу бзаджащІэхэм Кущевскэ станицэм щалэжьа хьэкІэжхъуэкІагъэр. Куэдым я гугъэщ абы и ужькІэ генерал-лейтенантыр Іэнатіэншэу кьэнэну. Арщхьэкіэ епІэщІэкІахэщ. Иджы генералыр «Крайинвестбанк»-м и унафэщІым и кьуэдзэу щытынущ икІи щыІнагъуэншагъэм пыщІа Іуэхуэхэр зригъэкІынущ. Абы куэдыр Іэджэм иригъэупсащ. Пэжщ, Кучерук хабзэхъумэ Іэнатіэм куэдрэ щылІэжьащ, арщхьэкІэ ар здэкІуэ банкым и акцэхэм я процент 97-м щІигъуэр Краснодар краймрэ и администрацэм ейщ. Абы щыгъуэми, щІыпІэ властхэм зягъэувыр: Кучерук и кьуэлыкъуэм зэрытрагъэкІар инсулІэ тэмэщ икІи ІыбжьэІ зиІэщ, абы щищІэн щыІэкъым кьулыкъущІапІэ Іэнатіэкъэм.

- Псоми фэрыщІыгъэ зэрыхэлъым щхьэ кьыщІытепхъэн щыІэкъым, - жаІэ

ЛъагапІэщІэхэм хуопабгъэ



Илъэс 75-рэ ирикъуа къэбэрдей усакІуэ, тхакІуэ цІэрыІуэ КъагъырмэС Борис и къалэмыпэм къышІэкІащ ди литературэр зыгъэбжыыфІэ тхыгъэ хьэлэмэт куэд, ахэр гъэнщІащ гурыщІэ къабзэрэ гупсысэ куукІэ.

Къагъырмэс Борис Хьид и къуэр Лъэхэн ЕтІуанэ къуажэм къышІалъхуащ. Къэбэрдей Балкъэр къэрал университетым и филологие къудамэр фІы дыдэу кънухащ, нужькІэ щеджащ ВЛКСМ-м и ЦК-м деж щыІэ комсомол школым, абы лъандэрэ Къагъырмэсыр щолажьэ журналистикэм и Іэнатіэхэм - «Советская молодежь», «Адыгэ псалъэ» газетэм, радиом; иджыпсту «Іуащхьэмахуэ» журналым и къудамэм ящыщ зым и унафэщІ.

Къагъырмэс Борис «Къэбэрдей Балкъэрым щэнхабзэмкІэ щыІхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр къыфІащащ, Къэбэрдей-Балкъэрым и комсомолым и саугъэтыр къратащ.

УсакІуэм и япэ тхыгъэр («Фэхъус ащиІ») 1962 гъэм къыдэкІащ, абы къыкІэлъыкІуащ усэхэр, рассказэр щыгъэхьэса тхыгъэ 26-рэ - «ГъащІэ лъэужькъэр», «ЛІэщІыгъуэ уардэ», «УафэхъуэпсхІ кІуэдам», «Махуэм и макъ», «Гуапагъэ», «Шэджагъуэ», «Гъэсэн пушыналъэ», «МафІэзехьэ», «Гупым», нэгъуэщІхэри. Урысыбзэкіэ зэдзэкІауэ Налшыки Москвам къыщыдэкІащ Борис и тхыгъ зыбжанэ - «Быстрина», «Ветка молнии», «След солнца», «Узлы», «Гостиц у меня», «Тепло уходящего дня», «Вечерний свет», нэгъуэщІхэри.

Къагъырмэс Борис куэд зыхъуэжьІэкІа, нэхъыбжьмэ хуэпабгъэ усакІуэ, тхакІуэ гуащІафэщ. Псоми ди гуапэщ, абы и жьыбжьм кьехьулІэмэ.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

КЪАГЪЫРМЭС Борис и усэхэр

Гум щызгъафІэр

Мыг урыІуэгъуэу,
Хуэдэу хэль щэху гуэр,
Зы усэ закъуи
Стхыну сыхуэмей.
Пэжщ,
Си псэр куэдым щэхуу
Доуэршэр:
Мо псынэм,
Вагъуэм,
Хадэм ит кхъужьейм.

Абыхэм жаІэр
Хьэотхэжь си усэм
Абы ар ещІыр
Нэхъ гурыІуэгъуафІэ,
ГурыщІэ дахэу сиІэм,
Си гупсысэм
Фэращи, цІыхухэ,
Сыт щыгъуи щызгъафІэр.

Сыщымыіами сэ зэуапІэм...

Сыщымыіами сэ зэуапІэм,
ЦІыху гуауэр пасэу зыхэсщІащ,
Кьытемыхуами шэр си лІапІэм,
Ар зытехуахэм сапыщІащ.
Іыхьлыр благъэу сытми мащІэ
ЩысфІэкІуэдар а зауэ гуащІэм?!

Сэ зззэмызэ мыр кьысфІощ:
Си ныбжьыр хьуауэ илъэс тІощ,
ЗэуапІэм сильу саукІауэ,
Си гъащІэм пасэу сыпыкІауэ,
Сримыкъуауэ джэгу хэтынкІэ,
Хьыджэбз льагъункІэ,
бын згъуэтынкІэ...

Ар къыпщыщІыныр сыту лей,
Захуагъэ тетмэ мы дунейм!

Сыхьэт

Сыхьэтыр - фІыщ!
Сэра-тІэ ар зымыщІэр?!
Псэ Іутыгъамэ,
хуэпщІи хъунут фІыщІэ.
ИтІани сщІэркъым,
сохъу сеплныху пІейтей:
Пе6жыкІ ди гъащІэм,
тхуищІу кІэщІ дунейр...

Сщыгъупщэжауэ ар зэрызэман
макъыр,
ЖиІэхукІэ «тІыркъ»,
кьысфІощІри ар кьедзакъэу
Си гъащІэ пІалъэу тхъэшхуэм
кьызитам,
Кьыхуоплыр си гур,
жьыСэу: «Арт, кьутам!»

* * *

Ди лъэпкъ мащІэ, ди гъащІэ!
Сыт тлъэкІыну пхуэтщІэн?
Ди зэман мафІэ гуащІэм
Дауэ ущытхъумэн?

* * *

Тхьэм и фІыгъэ кьыдэкІауэ,
Дыщопсэу дэ зэман дэгъуэ,
Зыр адрейм имыукІауэ
Щамыхуэу зы ефэгъуэ.

Фейуэ фефэ, фызззауэ!
ГъащІэр щай имыуэсэж.
Тхьэм и щІыб къытхуигъэзауэ
Дегъэлбагъу дунейкъутэж.

УсакІуэ гуэрым жьзоІэ

Жьыпм ихуэу уи тхьыль щыкІухэр
Гъэ къэсхуу кьыдыбогъэкІ,
Ауэ слъагъукъым еджэу щыхуэр,
ЩІыпІэ гуэр зэдахьу фІэкІ.

Къэсащи пІалъэр

Аращ атІэ. Къэсащи пІалъэр,
ДокІуэж зырызурэ, ныбжьэгъуэ.
ДызэрыфыкІ ди гъащІэ фальэр
Нэщі мэхьу, имыІэу Іэзэгъуэ...

Къэхутэныгъэм и щхьэусыгъуэр

Гушыіэ

Ньютон хьэщІэ кьыхуэжІауэ,
Я жыг хадэм итхэт, псальэ.
ЩыІэ зэ къэмыс зи пІальэ? -
Мыіэрысэр кьыпыхут, хьуауэ.
Іkly эпс пІащэшхуэ эм хуэдэу, ах эр
«Къапытклурт» жыгхэм,
«ТІамПІэщ» жиІэу.

Е, мо уафэм гъуанэ иІэу,
Кьихуу пІэрэт ваГъуэ пльахэр?..
ХьэщІэм ещхри зы пльыжь дахэ,
ЖеІэ: «ІэфІщ уи мыІэрысэр».
Еджагъэшхуэр здэгупсысэм,
ЩхьэмкІыпхуэ щІщ мо хьуахэм.
Мыхьэнэншэу пфІэщІым гениЙм
Гупсысэшхуэ къыхихащ:
Дуней псом и тяготением
И закон кьызІуихащ...

Гу лыф такъэ зи Іуэху зесхуэм?
Ар вжесІэну и зэманщ:
Зышхьм нэхьрэ зи щхьэм техуэм
И гупсысэр нэхьу нэхь жан!

Кърухэр

Бжьыхьэ хьурэ
Зэхэсхам кьру макъ,
Си гур сфІэпІейтейуэ,
Сиплъэрт уэгум.
ЖысІэрт:
«Фымыгъущэ,
Фыщысакъ
ГутІуэкъ хэтхэ уэрей,
Кьышыфпэпль - гъуэгум...»
Ноби сакІэльэпль
Кьру лъэтэжхэм,
Япэм хуэдэу,
ПсэкІэ садокІуатэ.
Ауэ сэ яджы,
ЖысІэнщи пэжыр,
Кьру макъкІэ зэхьэгъуэ
Іэджэ къыхсуаІуатэ.
ЖаІэ сфІощІ кьрухэм:
«ТфІэфІ-тфІэмыфІми,
Дэ здыдохь
Уи гъащІэм щыщ илъэс...
Дэ дыздэкІуэр
СыткІэ мыхэкуфІми,
Къэргъэзэж ди хабзэщ
Гъатхэ кьэс.
Ауэ уи ильэсхэр
Къэтхьыжьну
ПфІэщІу, унэмыплъэ -
ТльэмкІыбгъ.
Бззэыхахэщ умыгъу этыжьну,
Гъэпльн пэт уэ -
Зыри кьымыкІыщІ...»
Кьрухэ, кьрухэ!
Содэ, фхьы си гъащІэр
Илъэс зырызыхххэурэ,
Фыхуейм,
Ауэ, сывольэІур,
КъэзывгъащІэ
Нужь дыдэр
Щефхьжьэнум дей:
Есхьжьнущ сэлам гуапэ
Хэкум,
Си ныбжьэгъуэхэм
Зэ саІущІэжьнщ,
ГъащІэ Іыхьэ у
ЩІым щесхьэхІа тІэкІум,
ХуэсщІу фІыщІэ,
ЩІхьэщэ хуэсщІыжьнщ.

* * *

Сэ сльэгъуащ гурыщІэр
ЗзрыкІуэдыр,
ЗзрыпІэжыр псальэхэр
Сльэгъуащ.
Пэж хуеижу щыІэр зыфІэкуэдыр
Щоуэ -
Ахэр икьукІэ мащІэ хьуащ.

ПщІэ гурыщІэм имыІэжу хьуамэ,
Псальэм кІуэдыжамэ и кьарур -
Арщ кьэхъуІауэ икьукІэ зэман
Гъуамэ,
Арщ текІуауэ пэжым пцІы ерур.

Ажалым есщІэкІа псальэмакъ

Си Іыхьлыхэм, си ныбжьэгъухэм,
Кьыскухэугаупэ си лэжьэгъухэм
Махуэ къэс хэбгъэщІ эпытщ.
Сыт, ажал, уэ уэзэшхуэр?
Стельым хуэдэ сэ уи щІыхуэ,
ЩІысІыпхыжьыр ахэр сыт?

Гъуанэ дэуэу укьытхэуэ уэ,
ЩІэпхьыр сыт уэ щысыр тхэуэ
Е нэгъуэщІ ІэнатІэ Іут?
ЖьыпІэу «слъокІыр, сыпольэщыр»,
Уэ Іуэху гуауэ сыт щІэблэжьыр?
ЗикІ псэхупІэ кьыдумыт.

Куэдрэ ар пхуэддэну пІэрэ?
Дэ уэтщІэнур сытми пщІэрэ? -
ДыпІэу пфІэщІми - дыпсэунщ:
Дяку дэльыхукІэ льагъунытэщ,
ЩыІэнгъэгъуэ я ин, щыхуГъэ, -
ЩымыІэн кьыттпэльэщын!

КьыщІодэІури жысІа псальэм,
Кьыспедзыжьыр мыр ажалым:
Быдэу дэ фызэрыІыгъыу,
ФІым сыт щыгъуи фІыщигуфыу
Фыщымыттэм, лей щыхуэт, -
Сэ куэд щІауэ сыфтекІуат.

НэгъуэщІ дуней

Иужьу гъуэгу сытеуфэнущ,
Гъуэмылэ лъэпкъи зыдэзмыщтэу.
«Ар дауэ?» - жаІэ у, гуэвэну
Іыхьлыхэм арт
Іуэху сыкъамыщІтэм.

Щамыщх шхын Іэфі
сэ сыздэкІуэнум,
Абы щыраф кьым фадэ пІащІэ.
Нэхъ гухэлъ Іэфіхэри щокІуэдыр,
Щыпымыщ1акІэ кьуэпскІэ
гъащІэм.

Дыхьэшхыу цІыхуи
щыпІъагъункъым,
Гъы макъи зэи кьыщымыІу.
Сэлами зыми кьущихынкъым -
КІуэ псори щохьу абы бзэмыІу.

Фіы дыдэу уэ укъэзыІъагъуу
Щытари ауи кьыщомыпІть.
Уи бийм уи гуапэ е уи жагъуэ
КьищыІну игу кьыщІыпхуэмыпІть.

Сэ сыздэкІуэнур мис а щІыпІэрщ,
ФынэмыпІащІэ - фыхуэмей...
ФиІэжухІэ гъащІэр егъэзыпІэ у,
Фыпсэу, пщІэ ху жьмыІу мы дунейм.

УсакІуэм и ныбжьыр

КІэщт Мухьээ хуэотх

Дунейм и гъащІэм елыТауэ,
Илъэс щэ ныкьуэр напІэзыпІэщ.
Блолъэтыр гъэхэр, кьру лъэтауэ,
Дымыщ1э ахэр здэкІуэ щІыпІэр...
Зы кьрум и ужьым итщ адрейр.
Кьру дапщэ хьурэ ди дунейр?

Укъуэдиящ, псырыльэу, гъащІэр.
Ар кІыхь е кІэщІ -
дыщымыгъуаэз...
Илъэс щэ ныкьуэр сытми мащІэ,
Упсэу фамэ щхьэмыгаэзу?
Іуэхуфым дахэщ и Іэужь.
Кьытхуэгъэнэнур сыт лъэужь?
Мурадым дешэ, зыу пэрыту.
И куэдщ щыхупІэ гъуэгу
шынагъуэм,
ИтІани докІуэ дэ, зыдмыту,
Нур гуэрым гъуэгур
тхуигъэлрагъуэу.
Ди льэрыгъыпс зэт ащ, ныбжьэгъу,
Ешакъым дишхэр, догъэльэ хуу.

Здыдохь дыздэкІуэм дэ пэжыгъэр,
Ильэсхэм сыкьыр пхырытхыу.
Аращ ди гъащІэм и дамыгъэр.
Ди тхыгъэм пхыкІыр арщ курыхыу.
БлэкІа ильэсхэм дагъэтхъуащ,
Ар «кьаХуэгъуакъым» - усэ хьуащ!



Анэ

«Дэгу утщІынущ.
Абы и пэ кьихуэу,
Хэт и макъ ухуейми
ЩІэдэІуж», -
Кьыжаіамэ,
Нэгъуэщ1 Іуэху зезмыуэу,
«Сянэ макъ, -
ЖысІэнт, -
Зэ кьэвгъэІуж».

«Нэф утщІынущ.
Абы и пэ кьихуэу,
Уэкуейр
Иужьу уэ льагъуж», -
Кьыжаіамэ,
Нэгъуэщ1 Іуэху зезмыуэу,
«Сянэр, -
Сэ жысІэнт, -
Сынгъэльагъуж».

«УпІ бзэр кьыпІытхыным
И пэ кьихуэу,
Псальэ закъуэ
Хьунущ уэ жьыпІэж», -
Кьыжаіамэ,
Нэгъуэщ1 Іуэху зезмыуэу,
«Анэ» псальэр
Сэ жысІэныр пэжт!

Налшык къалэ щыпсэу Мамий Самирэ къыщалъхуа махуэщ, и ныбжьыр итьэс прокъурн дохьуэхъу

Іуэхьуэрэ дэрэжэгъуэрэ
къыдэзыт ди пщащэ гуащэм
уи Іэфыгъуэщи, сабиигъуэ
дахэ уиІэну, псынэпсэу уи
псэр кьаБзэу, уи кьэжІуэнр
екІуу, уи насып вагъуэр
уэгум иту, нэмысымрэ хаб-
зэмрэ уи гъуазэу, уэркІэ ды-
гушхуэу гъащІэм пльэ быдэ-
кІэ уэхувэну ди гуапэщи, на-
сыпу щыІэр я нэхъ лъапІэм-
кІэ Іъъэр кьыпхуэупсэну ды-
нокъуэхуэ!

Уи адэшхуэмрэ анэшхуэмрэ, уи мамэ.

● Хъуэхъу

● Спорт хъыбархэр

ЩІыналъэ зэпеуэм

Армспортымкі (армреслинг) Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щыналъэм и чемпионат Хъэршей-Шэрджэсым щыІэ Теберда къалэм иджыблагъэ щекІуэкІащ. Абы зи зэфІэкІ щызыгъэльэгъуахэм яхэтащ Къэбэрдей-Балкъэрым и лыкІуэхэр.

КИЛОГРАММ 75-рэ зи хьэтыгъэхэм я зэпеуэм щытекІуащ Уртаев Ацамаз. Валиев Георгий (кг. 70) етІуанэ увыпІэр къихьащ. ЦІыхубзхэм я деж пашэныгъэр щиубыдащ Ковалевэ Иринэрэ (кг 55) Кабисовэ Дианэрэ (кг 70). Ахэр зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзыращ тренерхэу Катаевымрэ Къазиймрэ.

Спортсменхэм фІыщІэ хуащІ дэпкъыкъуэгъу къаухуэхъуа Къэбэрдей-Балкъэрым къэрал мэкъумэщ академемрэ ВнэкІэ Іэмалхэмкі Урысей зэгухьэныгъэм и щІыналъэ къудамэмрэ.

УЭРДОКЪУЭ Инал.

Ямэ увыпІэр Уэлджырым хуагъэфащэ

ИльэситІ-ныбжьэ бзэкІэ хуитымкІэ спортым щІыхь зиІэ и мастер Тумэ Василий зи унафэщІ Тэрч куейм хьыкІэ Астемырей къуажэм дэт спорт комплексым и ныбжьэгъу щІалэ цІыкІуэхэр и гъусэу кІуэцІ зиІэ Уэлджыр Азэмэт.

АР ДИХЬЭХАУЭ кІэльыпльырт пэшышхуэм и утыкуэм щыбанэхэм, хьэлъэ къэзыІэтэхэм, Іэльэхэр яІэрыгъыу зэзауэхэм. «Уэ щІалэ щІыкІуэр хэтэх уарей, сытым нэхъ удихьэхрэ?» жиІэу Тумэм ящІэуупщІым, Азмэт Іэнкуи хуаІуащ. «Сэ къэщтэнщ щІалэ цІыкІуэр», - кьыхьыхащ псальэмакъым кикбоксингымкІэ гъэсакІуэ Къер Асльэнбий.

Мис апхуэдэу кикбоксингым и щэхуэхэм щыгъуаэз зищІу щІидзащ. И накІэр куэдрэ кІыщІаудами, ерыщу зигъэзащ. Абы узыгъэгуфІэ Іуэху инхэр кьрикІуащ. Иджыблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым пашэныгъэр кьыщыхьыным теухуауэ Налшык къалэм щекІуэкІа зэхьэзэхуэм килограмм 63-рэ зи хьэпльагъэхэм я деж яп увыпІэр щиубыдащ икІи щытхъу тхьылъ, дамыгъэ льапІэ, саугъэтхэр кьыхуагъэфащащ.

Уэлджыр Азэмэт и ехьуІэныгъэм и адэ Олеги и анэ Светлани, зэрыунагъуэу, зэрыльэпкьыу, зэрыкъуажэу щогуфІыкІ, дяпэкІи льагапІэ нэхъ ныжьхэр зыІэригъэхьэну мэгугъэ.

СОКЪУР Жамболэт.

● КъБР-м щыІэ МВД-м

Авиацэр къагъэсэбэп

Къабэрдей-Балъкъэрым къышалъхьхуэ республикэм и административнэ щІэхэр кьызытещ пхъэбгъуэхэм деж къагъауэ Іэмэпсымэхэр щІэзылъхьэ щІэпхьаджащІэхэр.

ШЭРЭДЖ РОВД-м и лэжьакІуэхэм тротил килограмми 6-7 льэщагъ зиІэ къагъауэ Іэмэпсымэр кьыщІахащ. Ар зы метр кууагъ иІэу кІэщІалъхьат «Объединенный вилайат Кабарды, Балкарии, Карачая. Центральный сектор» жиІэу зытетха см 190х70 хьу фанерым и лъабжьэм.

Шэрэдж куейм щыпсэухэм абы теухуа хьыбарыр ОВД-м и плъыр частым псынщІэу Іэрагъэхьащ. ЩІыпІэм псынщІэу нэсащ следствэ гупыр, ОМОН-м и лэжьакІу экэр, УФ-м и ФСБ-м и Іуэхущ1апІэу КъБР-м щыІэм и взрывотехникэр. Іэмэпсымэр якъутащ, «Варан» МРК роботыр къагъэсэбэпри. Лей зытехьа щыІэкъым.

Ар, абы хуэдэ нэгъуэщІ щІэпхьаджащІэхэр зи Іэдакъэщ1кІэр къальыкІуэу авиацэр, Іэнатіэ щхьэхуэ хэр къагъэсэбэпу.

Ґоловнэр Іуэху кьаІэт.щ.

Сакъыу, набдзэгубдзаплъэу фыщыт

Хабзэм кьемызэгъэу Іащэкіэ зэщІэзыуэзда щІэпхьаджащІэ гупхэм хэтхэм, абыхэм я дэІэпыкъуэгъухэм щІышылэм и 31, мазаем и 1 махуэхэм республикэм и кьуажэхэм кІуэцІрыкІ федеральнэ гъуэгухэм щагъэуващ езыхэм кьагупсыса административнэ-щІыналъэ фІэщыгъэхэр зытет, къагъауэ Іэмэпсымэхэр зыкІэщІалъхьа ІорышІ пхъэбгъуэхэр.

Абы кьыхэкІыу КъБР-м и Хабзэхъумэ Іэнатіэхэм Зыуэ щыт я хьыбарегъащІэ центрым республикэм и цІыхухэр кьыхуреджэ набдзэгубдзаплъэу, сакъыу щытыну, апхуэдэ пхъэбгъуэхэм ирихьэлІэмэ, езыр-езыру кьыкІэрахьну иужь имыльэну, сабийхэр бгъэдамыгъэхьэну, шэч зыхуАщІ хьэпшыпхэм ирихьэлІэмэ, хабзэхъуэм Іэнатіэхэм мы телефонхэмкІэ хьыбар ирагъэшІэну: УФ-м и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыІэ -**48-16-02** (плъыр часть), **48-15-81** («дзыхь зрагъэз телефон»); КъБР-м щыІэ МВД -**40-49-10** (плъыр часть), **49-50-62** («дзыхь зрагъэз телефон»); «Э» центр - **42-70-52** (плъыр часть).

КъБР-м и Хабзэхъуэм Іэнатіэхэм Зыуэ щыт я хьыбарегъащІэ центр.

● Ди сурэт тъэтІылъыгъэхэр

Адыгэхэм я хьэщІэщым.
Сурэтыр **Лонгворт Джеймс** *ищІащ. 1838 гъэ*

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИМ ХЭТХЭР

Жылаеэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэхІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъуцІо Зариф, Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжькъарэ Алик.**



ДИ ХЭЩІАПЭР

360030, Къабэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 5, еБгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлажьэныжьмкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ писымохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериэм - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытехьэм пэсу жэуап яхь. Авторхэмэр редакцэм я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхьым.

Газетыр Іэ тезыдахэм яхуэхьныр и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щрымкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм льагъэхьэм и 16-м №П-0065-м щІэту яТхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-р) кьыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщкІ Соня, редактору Жылаеэ Заурбэч, корректорхэу ПхытІыкІ Юрэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Инэ** *(1, 2-нэ нап.), КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящащ* **Дот Марин, ГъуцІо Іал РасЩомахуэ Марианн,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 9.238 ●Заказ №265